# SAYFU LAHI (IMAM SAKHIR GAYE)

Par Dieuwrignou Mame Seydi, jeudi 8 novembre 2012, 09:11

*SAYFU LAHI (IMAM SAKHIR GAYE)*

*BISMI LAAHI RAHMAANI RAHIIMI*

**SAYFU LAHI**

1. **1. Bismi Laahi may deeti ñaan Buur Laahu "bi jaahil Imaam"**

**Rabbi dollil say ngënéél, ak say ndimmël, ak say “kiraam”**

1. **2. Noo ngi lay ñann sax ci limmam, ak ci Lislaam Rabbanaa**

**Ak ci lihsaan boolé kook xééwël yu jëm “yawmal xiyaam”**

1. **3. Rabbi dollil diine Lislaam sam ndimmël “antal kariim”**

**Yàl na not mbooleem lu juuyook moom “fii jamihil anaam”**

1. **4. Diiné Lislaam am na ay jëwrin yu koy yor “kulla hiin”**

**Yàlla moo leen tànn mey leen wóólu leen jox leen salaam**

1. **5. Ñooy ñi kay wooteel ci par tééméér̈i at loolooy la siiw**

**Boppu tééméér̈i at yu ne la yam “ila yawmal xiyaam”**

1. **6. Mahiyooy seen njiit bu leen bañ baayu Isaa ak Manjoon**

**Moo fi feeñ fii “rahsi aazal xarnu” mooy Seydil Imaam**

1. **7. Ker ba Baay Laay ruu ga tàgoo “ahlu dunyaa” jëm jinaan**

**Gééj yëngóótul ngir di jooy Njiin, ndox ma neex ngir gëm Limaam**

1. **8. Gééj ga ñeex tambalee kër Maam Libaas yam Jàmma Laay**

**Ñii di fóót, ñiy sàngu, ñiy naan, ñetti fan "duunan siraam"**

1. **9. Fan ya gééj am ndox ma neex mooy fan ya ruuhuk Maam Libaas**

**Nekkatul biir jëmmi Baay Laay ken robul Seydil Imaam**

**10. Ngir ngëlëmtéék jaaxle, ñii ne ngir nga doon xaar Ruhu Laahi**
**Seydi Isaa Ruuhu Rahmaan miy donay Seydil Imaam**

**11. Fekk baayub Abdulaay miy Seydi Isaa Ruuhu Laahi**
**Dem kajoor fii bayti Maamur lañ ka wax faatu Limaam**

**12. Ruuh ga moo def jàntu njollor suux ci Isaa Ruuhu Laahi**
**Seydi Isaa Ruuhu Rahmaan xey di "samsan fiil anaam"**

1. **13. Seydi Isaa ñëw nuyyóók mbooloo ma waar leen xol ya giif**

**Ruuhu Rahmaan dem julléé Njiin yeesalaat mbooleem "lanaam"**

**14. Ñoo ne woon Mahdiyu Isaay doon jaraafam moodi doon**
**Naayibam moo kay julléé lii am na ñëw leen seet Limaam**

1. **15. Mahdiyu Laay dem na, Isaa dem, bu leen juum seeti leen**

**Njeexitam mooy seet Manjoon ak Baabakar "ibnay Limaam"**

1. **16. Baay Manjoon moo am ngënël, moo doylu, moo muñ moodi gor**

**Am na xamxam, am "diraaya" ak, mey yu rey booleek karam**

**17. Topp leen Yàllaak Yonnen loolooy waxam ak moytu leen**
**Adinaak seytaane bànneex koon ëllëk ngeen gis Limaam**

**18. Ak xilaafaam neex na moo tax waaju sàggan beew bu leen**
**Top doyloom ngir di bañtiisal mbindééf koon muy araam**

**19. Waaju xoolul sàkuwul lul adinaam teggil Manjoon**
**Waaju gëm Buur Yàlla doyloo Ndjiin la déggóól "fil anaam"**

20. Rabbi yékkil Laailaaha illa Laahu miy sayfu Laahi
Rabbi Saxalal Laailaaha illa Laahu miy sayfu Laahi
Rabbi dollil Laailaaha illa Laahu miy sayfu Laahi
Rabbi dooleel Laailaaha illa Laahu miy sayfu Laahi
Rabbi daaral Laailaaha illa Laahu miy sayfu Laahi
Rabbi daasal Laailaaha illa Laahu miy sayfu Laahi
Yàl na dok mbooleem lu juuyook moom fi jamihil anaam